Washington State Department of Social & Health Services
Transforming lives

DEVELOPMENTAL DISABILITIES ADMINISTRATION

Yëgley Njeextalu Àppu nangub Fukki (10) At

Notification of Age Ten (10) Eligibility Expiration

TUR AK DËKKUWAAYU WAY-SÀKKU BI

TUR AK DËKKUWAAYU TEEWALKATU WAY-SÀKKU BI

Fimne nii sa doom ab way-sàkku la ci Caytug Laagoy Xel (Developmental Disabilities Administration, DDA). Sa àppu nangub doom ci DDA dina jeex suy amal fukkeelu atu juddam. Ngir ñu mën wéy di nangu sa doom ci DDA war nga jëfewaat laata sa doom di am fukki at. War nañu saytuwaat ndax nangu nañu sa doom ci benn ci yile sart:

Laagoy Xel, Laagoy Yuur, Epilepsi, Otism, beneen laagoow siditi-yuur wala beneen anam bu ndurook Laagoy Xel.

Takkaale nañu *Taabalu Gëstu yu War yi* ngir nga xam lan moo war ngir ñu jàppaat ko.

Nan lañuy jëfewaate:

Jokkool mbootaayu Jël ak Nangu bu DDA gën gaa neew 90 fan laata sa doom di matal fukki at ngir sàkku ab sayu jëfewaat. Mën nga ko def cig mbind wala woote ci nimero telefon buñu joxe ci suuf. Di nañu la yónnee ab m-bataaxalu sayu jëfe. Mën nga itam jot ay wayndarey jëfe soo lonkoo ci https://www.dshs.wa.gov/dda/consumers-and-families/eligibility.

Luy xew suma jëfewaatulee?

Sudee laajuloo ab sayu jëfewaat wala soo delloowule jëfee bi ca gën gaa neew 60 fan laata sa doom di matal fukki at, sa àppu nangub doom ci DDA dina jeex si fukkeelu bisu juddam. Su sa doom jotee ab cër bees di fay ak DDA, cër boobu dina jeex ci bisu fukkeelu juddam.

Jeexub nangug DDA bi du am benn jeexital ci bokk ci yëngatuy Njàng yu Xejjiku walla nangug SSI, te du am itam benn jeexital ci ab cëru DSHS boo mën a jot, niki Wergu-yaram, TANF, wala ay keyïtu jënd lekk.

Baal ñu tontu ci numu gën a gaawee, waaye gën gaa neew 90 fan laata sa doom di matal fukki at. Suñ la déggul, dina ñu jàpp ni bëgguloo wéyal sag nangub doom ci DDA. Sunu amul benn gëstu bu yeey ci anamu nangub10 ati, sa nangub doom ci DDA ak cëri DDA dina weesu ci fukkeelu bisu (10eel) juddam.

Soo amee ay laaj wala nga bëgg a laaj ab say, baal nu jokkook:

TUR	NIMERO TELEFON	DËKKUWAAYU M-BATAAXAL

Ab sotti sàrti réew buy saytu nangub (WAC 388-823) jàppandina sooko laajee wala ci net bi ci https://www.dshs.wa.gov/dda/consumers-and-families/eligibility.

Ànddale yi: Taabalu Gëstu yu War

Cc: Taxañu way-sàkku
Téewalkatu yoon

Taabalu Gëstu yu War

ANAMU LAAGO	AT	CAYTU	SAYTUKAT	YENEENI DENC
Laagoy xel	4i at ak lu ko ëpp	Laagoy xel (ñu xammeewoon ko ci Yeexaayu Xalaat)	Ab Sikolog buñu lijaasal, Sikologu Daara juñu Wéral bu Washington wala beneen daaraay sikolog bu Mbootaayu Daaraay Sikilogu Reew mi wéral.	Àddub Sikolog bu matale bu àndak poñu Nattug Muusaay bu ëpp ñaari jàddukaay yu gëna néew lees baxoo, ak poñu nattug jot xibaar gën a tuuti nattub xarañaay bu ëpp ñaari jàddukaay yu gëna néew lees baxoo.
Laagoy yuur	4i at ak lu ko ëpp	Laagoy yuur Kuwaadiripelesi Emipelesi Dipelesi	Doktor buñu wéral ag mënam	Tambalee 3, at ak leeral buy dëggëral aajoog ndimbalu jëmm bés bune ci ñaar wala barab yu bari (ginaaw kër, sangu, lékk, solu, yëngu, wala wax).
Epilepsi	4i at ak lu ko ëpp	Epilepsi wala Ay jaxasoo jotug xabaar	Saytukatu Siditi-bopp bu ay naatangoom wéral ag mënam	Caytu bu sukkandiku ci jaar-jaaru pàj ak nattub siditi-bopp, wéral bu bawoo ci doktoor mbaa saytukatu siditi-bopp te aju ci jotug xibaar buy jaxasoo tay faral di am, ak nattub jotug xibaar buy wone ay darkepp ci doxalinu xel bu ëpp ñaari jàddukaay yu gëna néew lees baxoo.
Otism (cig DSM-IV)	4i at ak lu ko ëpp	Otism wala Jaxasooy Otist Cig 299.00 DSM-IV-TR	Psikolog buñu wéral ag mënam, ARNP (Infirmiye bu Kawe bu Bindu) buñu booleek ab kurelu Otism ak xel wala ab Biro buñu wéaral ag mënam: Nërolosist, Psikiyaatar, wala Pejaatar buy toppatoo melokaan ak yokkute	Nattub DSM-V bu matale te matal sart yépp, firndey doxaliin buy yeex wala bu jaarul yoon laata 3eelu at bi ci dëkkoo, làkk, wax, wala powu màndarga wala xalaat, ak ay nattub xarañaay yuñu mën a méngale ay yemale yu am solo ci lu ëpp ñaari jàddukaay yu gën a tuuti yemale bi.
Jaxasoo Otism Spektrëm (cig DSM-V)	4i at ak lu ko ëpp	Jaxasoo Otism Spektrëm 299.00 Cig DSM-5 darajab tar 1 wala 2 ci la bokk ci ñaari keno yépp	Ab Psikolog buñu jagleel sañ-sañ, ARNP (Doktoor bu Kawe bu bindu) buñu booleek ab Otism wala këru yokkute wala ab Biro buñu jagleel sañ-sañ: Saytukatu Siditi-bopp, Sikiyaatar, wala Pejaatar buy toppatoo melokaan ak yokkute	Nattub DSM-V bu matale te matal sart yépp, firndey doxaliin buy yeex wala bu jaarul yoon laata 3eelu at bi ci dëkkoo, làkk, wax, wala powu màndarga wala xalaat, ak ay nattub xarañaay yuñu mën a méngale ay yemale yu am solo ci lu ëpp ñaari jàddukaay, ak FSIQ bu jàddukaayi baaxoo mbaaa luko ëpp yu gën a tuuti yemale bi - wala - dëppook natukaay yépp ngir Jaxasoob Otist 299.00 cig DSM-IV.
Beneen xeetu laagoow Siditi-yuur wala Yeneen Anam yu Ndurook Laagoy Xel	4i at ak lu ko ëpp	Jaxasoo ci sidfiti-bopp mbaa koromosom buy waral ay wàññi xarañaayu xel ak mengale	Doktor buñu wéral ag mënam	Poñu Nattug Muusaay bu Matale bu ëpp 1.5 jàddukaay yu baaxoo yu gën a tuuti yemale bi, ak poñu nattug jot xibaar gën a tuuti nattub xarañaay bu ëpp ñaari jàddukaay yu gëna néew lees baxoo.

Karmat: Formileer bii ab gindikaayu matale la kase te DDA mën naa sàkku yeneeni leeral wala Nattukaay. Gëstu bii mooy jéego bu njëkk ngir saytu nangu gi. Ñoo ngi saytu nangub DDA cig WAC Dogantal 388-823.